Piwulang

BASA DJAWI

Kanggo
S. G. B./S. M. P.

Kaanggit déning
R. SOETARNO

DJILID I

PENERBIT GUNUNG AGUNG DJAKARTA

N NASIONAL RI
S/57

To Ad... 1954

P 272 D

Piwulang

BASA DJAWI

Kanggo

S. G. B. / S. M. P.

Kaanggit déning

R. SOETARNO

Ung. 207
Soe
b1

DJILID I

PENERBIT GUNUNG AGUNG DJAKARTA

PERPUSTAKAAN NASIONAL RI
Tanggal : 13 Feb 2020
Item ID : 1011372921
No. Induk : 2011 00103 002942
BIB-ID : 0010 - 31308360
Beli/Hadiah :

P U R W A K A

Gandéng kalijan kirangipun buku² tuntutan utawi buku² piwulang basa Djawi, mila kula kumedah-kedah nganggit serat punika.

Ing sekolah² Menengah Pertama utawi Sekolah Guru ingkang taksih ngginakaken piwulang Basa Djawi, limrahipun taksih sami ngginakaken buku² Basa Djawi I-II-III karanganipun sdr. Inggris. Abusaleh, Josowijoto, Satari, Mardjana, Kartodarmodjo, Adisiswojo lan Hadiwidjono, ingkang limrahipun kanggé Kweekschool, Opleidingschool, lsp, rumijin.

Sarèhning tumraping larè² ing pamulangan Tengahan (S.M.P.) sapunika, angsalipun piwulang Basa Djawi (Basa Daérah), ing Sekolah Rakjat mèh pitasasat kirang sanget; kawitiaan wiwit klas III S.R. mila ngantos dumuginipun klas VI S.R. piwulang Basa Djawi nama kirang sanget, mila mbokbilih para guru sami ngginakaken buku Basa Djawi kasebut nginggil, kados² tumrapipun laré² S.M.P. sapunika taksih kawraten.

Buku Piwulang Basa Djawi punika kademel méh ngeplengi buku Basa Djawi djilid I, II, III, malah wonten salah satunggiling Bab ingkang kapeksa mendet saking buku wau. Namung kamewahan sakedik kalih kedik kanggé nggampilaken laré².

Bab Piwulang Paramasastra kalebetaken ing saben bab-piwulang. Perlunipun kanggé nglatih laré² segala nenitèni dateng bab ulah basa lan sastra.

Buku punika kademel tigang djilid.

Djilid kapisan kanggé klas I. S.M.P./S.G.B.

Djilid kalih kanggé klas II. S.M.P./S.G.B.

Djilid tiga kanggé klas III. S.M.P. lan klas IV S.G.B.

Wasana pangadjeng-adjeng kula, mugi² buku punika sageda migunani dateng para ingkang mbetahaken lan mbokbilih wonten kekiranganipun mugi² karsaa maringi pamrajogi dateng pangripta.

Djakarta, 30 April 1953.

——— *Pangripta*

Bab I.

Tijang sadé kambengan

Ingsadangunipun mubeng², **kyahi guru amesu budi matitisaken ngèlmunipun.** Sareng kréta sampun dumugi ing Singasarèn sakilènipun Setjojudan, kyahi guru ladjeng **matur** sarwi **nganingakaken** ḍateng Kangdjeng Gusti, aturipun :

„Tijang sadé **kambengan** punika, Gusti, ingkang **tinakdir** mlarat boten saged sugih."

Kandjeng Gusti ladjeng **maspadakaken** ḍateng tijang ingkang **kapratélakaken** sadé kambengan wonten sapinggiring margi Singosarèn, titihan kréta taksih terus lumampah. Sareng sampun dumugi ing dalem, Kandjeng Gusti tumeḍak, ènggal **anḍawuhaken** bebisik ḍateng mantri ingkang **katjelak,** andikakèn numbas kambenganipun tijang ingkang **kawetja** ing kyahi guru wau, ladjeng bibaran.

(Dongèng tjariosipun tijang sepuh. Mas Pudjoardjo).

Maḍakaké tembung² :

I. a. Tembụng kang ketjéṭak nganggo aksara kandel iku salinana nganggo tembung² lija kang tegesé paḍa utawa tembung lija kang tegesé mèh paḍa.

Paramasastra :

II. a. Tjrita ing ḍuwur iku ngokokna.

Negesaké tembung² lan ngisèni titik² nganggo tembung ing sangarep ing garis :

III. Titis
Pratitis
Nitis

Katitisan Tjelok
Katjelak

Mbok jèn guneman sing .....
Srikandi iku ..... pamanahé
Baṭara Wisnu ..... menjang
Prabu Kresna
Sapa ja sing ..... Déwa rutji iku?
Sura ..... kalijan lurahipun.

Tjinelak	Pak Krama grijanipun .....
	Pak Dipo
Tjelakkan	Mantri punika ..... ing
	Kangdjeng Gusti
	Para Wanita sapunika remenanipun ...
	.....

Bebasan lan Saloka

IV. Maspadakaken asalé saka tembung waspada utawa weruh.
Saloka ingisor iki tegesna :

Ora weruh alip bèngkong.
Ora weruh kenṭang kimpulé.
Weruh ing grubjug ora weruh ing rembug.

Ngarang.

Tjoba gaweā karangan wiwitané Kandjeng Gusti nimbali mantri nganggo tembung ngoko.

Wiwitana mengkéné.

Katjarita sawisé Kandjeng Gusti miḍangetaké aturé kyahi guru, bandjur nimbali Mantri, pangandikané; Bèi, kowé dak utus, menjanga ..... lsp.

Bab II.

Sirna Kamanungsanipun.

Kotjapa, sapengkeripun Djupri wau, manahipun Kartodipo dados **gondjing ageter,** saupami katingala tentu **mobat-mabit** kados déné goḍonging kekadjengan ingkang **tinempuh** ing **lésus** ageng. **Nalika** samanten leleresan piawon sami **perang apantjakara** wonten batosipun Kartodipo, silih ungkih arebat unggul leleresan baḍé **njirnakaken** piawon, kosok wangsulipun piawon ugi baḍé **nunḍung** ḍateng **kelere-san.** Leleresan **witjanten** ḍateng Kartodipo: „Ulungna, balèkna dudu wadjibmu mengku tinggalané Kartoredjo iku !"

Piawon mbebudjuki, tembungipun : „Kukuhana adja kok balè-kaké, kok kaja dudu wong lanang wedi prakaran. Delengen apa ora gḍé **abagus** omahé, apa ora kebak **bebakasé,** apa ora **djembar** sawahé. kukuhana adja **kokulungaké".**

Saking papa dumugi mulja.
Mw. Asmowinangun.

Maḍakaké tembung :

Ia. Tembung² lan ukara² kang aksarané kandel iku salinana nganggo tembung² sing maṭuk lan ora ngowahaké surasané tjetjritan iku.

Pitakonan matja batin.

IIb. 1. Sebab apa déné Kartodipo geter atiné?
2. Tjoba terangna sing pontjakara ing batiné Kartodipo iku?
3. Tjoba terangna apa sing mbudjuk kasebut ing tjetjritan mau ?

Negesaké tembung lan ngisèni titik² nganggo tembung sing paḍa ing sangareping garis.

Titik² iki isènana nganggo tembung² kang maṭuk ing sanga-reping garis iku.

IIa.	gondjang-gandjing gondjing-miring ginondjing	1. Aku seneng ngrungokaké la-drang ..... 2. ..... perang karo matjan.

nempuh	
perang tanding	3. Bumi langit .....
pantjakara	4. Saking ora duwéné nganti ..... utang.
mengku	5. Satrija ..... karo buta
mengkeni	6. ..... barangku sing ilang.
	7. Sapa sing ..... adimu.
wengkon	8. Kartodipo ..... tinggalané Martaredjo.
wewengkon	9. Surakarta ..... Djawa Tengah.
	10. Tampahé gawékna .....

IIb. Ukara ingisor iki ganepana.

1. Sing ḍeḍegan iku ....., mratanḍani jèn .....
2. Sing mobat-mabit, iku ....., mratanḍani jèn .....
3. Sing plérak-plérok iku ....., mratanḍani jèn .....
4. Sing prindang-prinding ....., mratanḍani jèn .....
5. Sing Plenṭas-plenṭus ....., mratanḍani jèn .....
6. Sing mènga-mèngo ....., mratanḍani jèn .....
7. Sing Lirak-lirik ....., mratanḍani jèn .....

IIIa. **Paramasastra :**

Endi sing dwilingga lan endi sing dwilingga salin swara.
1. Mobat-mabit, 2. morat-marit, 3. ramé-ramé, 4. mlaku-mlaku, 5. seru-seru.

Dwipurwa ing ngisor iki asalé saka tembung lingga apa ?
1. lelampahan, 2. tetinggalan, 3. tetingalan, 4. ḍeḍemitan, 5. reregan, 6. rerasan, 7. bebadan, 8. sesangan, 9. memanahan, 10. gegaran.

IIIb. **Bebasan lan saloka :**

1. Apa Kartodrono iku kena diparibasakaké **ngemut legining gula**, sabab ngukuhi banḍa tetinggalané Martoredjo kang bijèn mung dikon ngawasi-awasi baé?
2. Tjetjritan ing ḍuwur ana tetembungan perang. Tjoba golèka paribasan nganggo tembung merangi.

IIIc. **Ngarang :**

1. Tjoba tjetritan ing ḍuwur gawénen tjrita paguneman. Wiwitané mengkéné ;

Djupri: „Kang Karto sarèhné sapunika Tjiptadi sampun déwasa, mila sadaja tetilaranipun mas Marto ingkang kapasrahaken sampéjan, kula ..... lan sabandjuré.

2. Gawéa lajang kang saka Tjiptadi menjang Kartodrono kang surasané ndjaluk baliné warisan.

Bab III.

Sumardi.

Ing nginggil **kapratélakaken** bilih Abdul Sukur **njakadjeng** ḍateng Sumardi. Mbokmenawi para maos wonten ingkang klèntu panampi, anggalih anggènipun **njakadjeng** wau tumrap ḍateng sedaja prakawis, punika boten. Menggah saèstunipun, namung bab pamonḍokipun kémawon. Prakawis sanès²-ipun, ing sasaged-saged dipun **ulat-ulataken,** malah boten **towong** tinuntun ḍateng **kautamaning gesang; kawekelan, kaburusan,** miwah **pangibadah.** Malah Abdul Sukur sampun naté **nglahiraken** pradjandji; jèn Sumardi **katitik pambangun turutipun,** sagah njukani pawitan ingkang tjekap samangsa sampun **gegrija** pijambak, bilih purun minggah kadji ..... sedaja wragad baḍé dipun **sanggi.** Nitik saking punika tetéla jèn katresnanipun Abdul Sukur ḍateng Sumardi ageng sanget, boten béda kalijan katresnan ingkang ḍateng anakipun pijambak.

(Mw. Asmowinangun; Mungsuh mungging tjangklakan)

Ia. Tembung² kang kandel panjiṭaké iku salinana nganggo tembung sing paḍa. Saora-orané ngèmperi surasané, mung baé adja nganti ngowahaké surasané.

Ib. Tjrita iku ngokokna.

Ic. 1. Kaprijé pangreksané Abdul Sukur menjang Sumardi ?
2. Sing disekarep Abdul Sukur iku sapa? Apané sing disekarep ?
3. Sebab apa Sumardi diulat-ulataké?
4. Kaprijé djandjiné Abdul Sukur menjang Sumardi?
5. Sepira geḍéning katresnané Abdul Sukur menjang Sumardi ?

IIa. Tjoba tjrita ing ḍuwur iku ngokokna !

IIb. Terangna, tegesé ;
1. Abdul Sukur njekadjeng Sumardi.
2. Kadjeng kula baḍé dateng Solo.
3. Kadjeng djatos punika kanggé dandosan.
4. Kekadjenganipun boten kénging dipun palangi.
5. Kekadjengan ing wana punika ageng².

6. Sampun ngantos klintu panampi.
7. Ing sasaged-saged dipun ulat-ulataken.
8. Para ringgit tijang sami ulat-ulatan.
9. Ulatana nggér, sing nganti ketemu !
10. Ulatmu kok mbesengut.
11. Angon ulat ngumbar tangan.
12. Malah boten kendat anggènipun ngulat-ulataken.
13. Sapa ja sing menjang Banjuurip.
14. Para déwa duwé banju **panguripan.**
15. Lélé iku énaké diurip-urip.
16. Uripmu reksanen lo !
17. Nglahiraké djabang baji.
18. Nglahiraké karep.
19. Golèk titik.
20. Titik koma adja kok tundjang baé.
21. Titikané endog asin iku keprijé?
22. Apa kowé wis tau nonton wajang lakoné Rama nitik ?

IId. 1. Sanggabuwana iku apa ?
2. Kowé kok duwé sanggarunggi ?
3. Sangganen dak untjalné.
4. Para putri nganggo sangga gelung.
5. Sapa duwé sawah sanggan?
6. Wong dadi Perdana Menteri kuwi abot sanggané.
7. Adja sok sangga uwang.

IIc. Aranana djenengé :

1. Omah matjan .....
2. Omah kanggo ngibadah ...
3. Omah ana tengah sawah
4. Omah watu .....
5. Omahé ratu .....
6. Omah kebo .....
7. Omah semut .....
8. Omah rajap .....
9. Omah ula .....
10. Omahé pandita .....

IIIa. **Ngarang.**

Tjrita ing duwur iku gawénen paguneman. Wiwitané : Abdul Sukur: „Sumardi, jèn kowé tumemen ..... lsb.

IIIb. **Paramasastra :**

1. Kapratélakaken asalé saka tembung ....., olèh ater^{2} ..... lan panambang .....
2. Ulat^{2} asalé saka tembung ..... dirangkep dadi tembung .....
3. Gawéa ukara nganggo tembung pagandèng, nanging, bokmenawa, amarga, sabab.

Bab IV.

Ing pasowanan.

Ing sanalika punika ing **pasowanan** mriku sepen njenjet. Sadaja ingkang sami wonten pasowanan sampun sami **ngawasaken** ḍateng satrija nèmnèman ingkang saweg mlebet ḍateng **pasowanan,** lampahi pun **tatag** tanpa **reringo.** Satrija wau **badanipun** alit, **warninipun** awon, praćanipun pandjang njalinguk, pipi kempot, irung njantik, pakulitanipun **semu** abrit, batuk langar tjiut pating djengkerut, mripatipun anggerong, tjemeng mantjereng angadjrihi, **mratjihnani** kawanteraning manah. Rambutipun ketel pandjang angombak toja nutupi punḍak, katawis jèn sanget dipun pertèni. Satrija nèmnèman wau manganggè tjaraning panḍita agami, djobahipun tjemeng sarwa **lanḍung,** prasadja dumugi ing suku.

(Pradjurit Utama Balé Pustaka.)

Ia. Tembung[2] kang kandel panjitaké iku salinana nganggo tembung sing paḍa utawa sing mèh paḍa. Nanging adja ngowahaké surasané .

Ib. Tjrita ing ḍuwur watjanen batin. Jèn wis terangno, keprijé mungguh panemumu bab basa lan tjritané. Basané keprijé, surasané ngemot apa ?

Ic. Isènana nganggo tembung kang tegesé mbangetaké!

1. Sepi njenjet .....
2. panas .....
3. anjep .....
4. geḍé .....
5. tjilik .....
6. gagah .....
7. abang .....
8. tatuné arang .....
9. peteng .....
10. remuk .....
11. idjo .....
12. kuning .....
13. pait .....
14. ireng .....
15. djedjel .....
16. asin .....

IIa. Terangna-tegesé :

1. Aku arep **sowan** bapak.
2. **Pasowanan** ngriku sepen njenjet.
3. **Pasamuanipun** dipun atur saèstu.
4. Kowé adja **ringa-ringa** nggonmu nindakaké sakabèhing bab.

5. **Raupa** lo lé, karebèn resik.
6. **Praupané** mempèr sapa ?
7. **Prèdjèngané** kaprijé ta aḍimu kuwi ?
8. Kaja weruh **rerupan** sing anèh-anèh.
9. Sutopo botjah pinter, **mratjihnani** bakal bisa dadi pemimpin.
10. Para pulisi golèk **tjihna.**

IIb. **Tjoba tjandranen.**

1. Alisé	.....	8. Dridjiné	.....
2. Baṭuké	.....	9. Pipiné	.....
3. Mripaté	.....	10. Lakuné	.....
4. Rambuté	.....	11. Pakulitané	.....
5. Tjangkemé	.....	12. Untuné	.....
6. Lambéné	.....	13. Bangkèkané	.....
7. Tangané	.....	14. Godègé	.....

Tjoba tjatjaden.

1. Punḍaké	.....	6. Irungé	.....
2. Tangané	.....	7. Dedegé	.....
3. Sikilé	.....	8. Lakuné	.....
4. Baṭuké	.....	9. Wetengé	.....
5. Matané	.....	10. Alisé	.....
		11. Rainé	.....

Sing diarani kasbut ngisor iku sapa ?

1. Kadji.
2. Pastur.
3. Panḍita.
4. Mahasiswa.
5. Murid.
6. Santri.
7. Tjantrik.
8. Propesor.
9. Guru.
10. Dukun.
11. Pudjangga.
12. Wartawan.
13. Hartawan.

IIIa. **Karangan.**

Tjoba ngaranga tjrita pasowanan ing Nagara Dwarawati sowané R. Gatutkotjo ngaḍep prabu Kresno.

IIIb. **Paramasastra :**

1. Pasowanan iku asalé saka tembung ..... olèh ater² ..... lan panambang ..... iku diarani tembung .....
2. Tjrita kasbut bab IV ing duwur mau golèkana tembungé andahan.

IIIc. **Bebasan lan salaka.**

Golèké paribasan lan salaka kang nganggo tembung raup.

———

Bab V.

S i n o m.

1. Mungguh patrapé **suwita,**
   Elingen ingkang patitis,
   Sira kudu bisa basa
   Parigel patraping diri
   Andap asor jwa kèri
   Laku ḍoḍok munḍuk-munḍuk
   Temen **sungkem** mring dara
   Titi surti ngati-ngati
   Manut marang sarehning bendaharanira

2. Prèntahing bandaranira,
   Sakalijan **kakung putri**
   Lawan para **putranira**
   Sira wadjib **anglakoni**
   Jèn Siraku **tinuding**
   Kudu **kebat** sira mlaku
   Adja pisan sira wegahan
   Nadijan udan peteng bengi
   Adja pisan **ngiri** marang kantjanira.

(Tjakradiredja Worowurtjita).

Ia. **Maḍakaké tembung² :**

IIb. Negesaké tembung lan ngisèni titik² ing sangareping garis.
Tembung² kang kandel panjiṭaké iku salinana tembung sing paḍa lan saora-orané sing maṭuk mungguhing ukarané.

Ib. **Pitakonan :**

1. Tembang ing ḍuwur iku njritakaké apa ?
2. Lumrahé sing dipituturi miturut tembang mau sapa ?
3. Tembang sinom ing ḍuwur iku ana pirang paḍa ? Pira gatrané ? Endi sing diarani guru wilangan, lan endi sing diarani guru lagu ?

IIa. **Ngarang :**

Tembang ing ḍuwur iku gawénen gantjaran.

basa	1. lakumu sing .....
bebasan	2. ..... Inggris iku perlu banget.
ḍiri	3. kowé adja ..... karo masmu.
mlaku	4. ..... kaja banju karo lenga.
lakon	5. kiḍalang majang, ... Rama Duta.
nglakoni	6. botjah iki geḍé .....
tuduh	7. mbok sing seneng ..... to lé kare-
pituduh	bèn kasembadan sedyamu.
duduh	8. ajo paḍa ..... menjang Gambir.
nuduhaké	9. botjah kok ora ngerti temen .....
kebat	10. ..... pak guru kudu dilakoni.
rikat	11. Si Hardjo ..... dalemé Bapak.
nglakokaké	12. ..... iwak iku djenengé kalḍu.
lelaku	13. mbok ja lakuné sing .....
klakon	14. ..... temen ta, lakuné botjah iku.

IIc. **Parama Sastra :**

1. Wudjuding tembung iku kapérang dadi pirang golongan ?
2. Sakabèhé tembung kang durung owah saka asalé diarani tembung apa ?
3. Apa bédané tembung wod lan tembung lingga ? Golèka tjonto tembung wod jèn wis gawénen tembung lingga

IIIa. **Bebasan lan *s*aloka.**

1. Wong kang ora manut prèntah iku diparibasakaké keprijé?
2. Kelakuhané anak kang ngèmperi wong tuwané iku diparibasaké keprijé ?
3. Pitutur ing ḍuwur mau lumrahé menjang batur. Tjoba apa ana paribasan kang nganggo tembung batur. Jèn ana keprijé lan tegesna.
4. Apa tegesé sumur mlaku tinimba.
5. Nglakokaké dom sumuruping banju.

Bab VI.

Nala Garèng

Nala Garèng iku **diwudjudaké** sarwa pating prętekel, pating brendil, awaké ora ana kang lurus, mripaté digambar gędé banget, sikilé djindjit. Mripaté djembar iku wateké akèh kang **diweruhi,** déné awak kang pating prętekel iku nggambaraké betètèké anggoné **ngemataké** marang samu barang kang dideleng, diréwangi mebrengkut, **mrengkijeng** numusi marang **saranduning** awaké. Iku **ngibarat** emating rasa-pangrasa. Sikilé djindjit amarga saka pangati-atiné, adja nganti **kesandung ing wrata, liré lumuh kesędu** ing lijan, amarga saka susilané. Dadi Nala Garèng kang diwudjudaké ala tanpa rupa mau, sedjatiné mung **pepéling** marang sakabèhing satrija, kang kudu wasis marang olah **kridaning** gawé. **Agal-alus** kudu **mumpuni.** Amarga ora ana sawidjinging tindak kang **tjęta wéla-wéla,** mesti pating **prenggik** gawé kodenging ngakèh, kang dudu ahli.

Dadi satrija kudu duwé ambeg kang luhur nanging uga ora kena **nalisir** saka **anggering kasusilan.** Nanging sedjatiné mengkono mau mung **gumantung** kang **nindakaké.** Mesti baé nganggo peparah lan bisa **ngempakaké mapané** lan papané, bisané nindakaké, mung menawa **kepengkok** ing lelakon.

(R. M. Ng. Sri Hadidjojo)
(Djodo Kang pinasti).

Ia. **Matja bathin.**

Tjrita in duwur iku watjanen bathin. Jèn wis terangna keprijé mungguh basané. Keprijé patiné tjetjritan mau. Ngemot apa ?

Ib. **Madakaké tembung².**

Tembung² kang miring panjitaké iku salinana nganggo tembung sing pada.

IIa. **Negesaké tembung² lan njampurnakaké.**

njrandu	1. Aku mau weruh ..... sing apik banget.
sarandu	2. Kowé jèn tuku pelem ndjaluka .....
wudjud	3. Jèn kowé ..... kapan sédané bung Dirman.

wewudjudan
péling
pepéling
luhur
leluhur
eling

4. Aku awèh ..... ing kowé, supaja kowé ngati-ati.
5. Mbok kowé kuwi adja .....
6. ..... awak paḍa krasa gatel.
7. ..... keprijé ta barangmu ?
8. Prijaji ..... kuwi sing paḍa duwur sekolahé.
9. Sapa asmané ..... mu ?

IIb. **Parama Sastra.**

A. 1. Tjetritan ing ḍuwur mau golèkana tembungé anḍahan.
2. Endi sing olèh ater Hanuswara.
3. Golèkana sing olèh ater² : dak, ko, di.
4. Golèkana sing olèh panambang Han, ku, mu, na.

B. 1. Apa ta tegesé tembung anḍahan ?
2. Apa ta tegesé panambang ?
3. Apa ta tegesé ater² ?
4. Rimbag ing tembung anḍahan iku kapérang dadi pirang golongan ? Aranana !

IIIa. **Bebasan lan saloka :**

1. Jèn ana wong kang bisa ing samu barang rèh iku dipari-basakaké keprijé ?
2. Apa ta tegesé kesanḍung ing rata, kabentus ing ngawang-awang ?

IIIb. **Karangan :**

Tjetjritan ing ḍuwur iku kramakna.

Bab VII.

Lajang kiriman.

Ingkang Pangabekti.

Nuwun wijosipun, mugi boten ndadosaken kalepatan kula, kaparenga kula gaḍah atur sakeḍik ingarsanipun bapak, inggih punika bab reribedipun bapak ingkang warni sambutan ḍateng paman Abdulsukur katahipun F 4.600.—, panjuwun kula wiwit ing samangké punika bapak sampun ngantos nggalih pandjang² malih. Kula **kalajan senenging manah,** kula pijambak baḍé njauri sedaja sambutanipun bapak ḍateng paman Abdulsukur sarta saladjengipun prakawis kula damel wados, murih sampun wonten wartos ingkang boten njakétjakaken penggalihipun bapak, inggih punika : ingkang njauri kula, nama ..... asmanipun bapak, dadosa ḍateng paman Abdulsukur kula ugi tjarios makaten; sadermi kinèngkèn bapak, **asajadan:** bapak boten saged maringaken pijambak **Karana wonten alangan.**

Sanget² ing panjuwun kula, sapisan punika sampun ngantos bapak nolak ḍateng pikadjeng kula. Kula rumaos sampun nampèni kasaénan saking bapak sekalijan ingkang boten sakeḍik pangaosipun, jèn boten males samangké mumpung taksih ginadjar saged, baḍé bèndjing punapa.

Wasana inggih punika ingkang dados atur kula.

P u t r a

(Sumardi)

(Asmowinangun Mungsuh mungging tjangklakan)

I. **Matja bathin.**

1. Lajang kiriman ing ḍuwur iku watjanen bathin. Tembung² sing angèl tjaṭeten, jèn wis njuwuna priksa karo Pak Guru.
2. **Pitakonan.**
   a. Sapa sing njaguhi njauri utang sing diwènèhi lajang mau ?
   b. Pira kèhé utangé ?
   c. Sebab apa sing gawé lajang saguh njauri utangé ?
   d. Sumardi iku sapa ta ?
   e. Anggoné arep njauri utangé arep digawé apa ? Apa sebabé ?

IIa. **Maḍakaké tembung² :**

Tembung² kang kandel pangetjapé kasebut lajang ing ḍuwur, salinana nganggo tembung² sing paḍa saora-oranè sing ngèmperi karo tembung iku.

IIb. **Negesaké tembung, ngisèni titik² nganggo tembung sing maṭuk.**

luput	1. wong prakaran kuwi sok .....
tana luput	2. garapané mesti .....
ribed	3. tapihané kok ..... temen.
reribed	4. kena apa kok ..... baé.
ribut	5. ngati-ati lo adja nganti kena .....
wadi	6. aku nampa lajang .....
warta	7. si Suta ....., manawa anaké dadi djuru tulis.
sekétja	8. tijang menawi sampun ....., sadawahipun taksih begdja kémawon.
ngétja-étja	
étja	9. sampun ..... kémawon, kula aturi émut pawingkingipun.
prakara	10. anggènipun kraos .....
prakaran	11. ..... mangkono baé kok didawak-dawakaké.
sajadan	12. adja seneng ..... lo lé.
ditulak	13 udané ..... simbah.
tulakan	14. Kasdi boten mlebet ..... sakit.
	15. sabin ..... punika lema².

IIIa. **Paramasastra.**

Iki diarani tembung apa ?

A. 1. Kalepatan = ...
2. Kaparenga = ...
3. reribedipun = ...
4. panjuwun = ...
5. pandjang-pandjang = ...
6. njakétjakaken = ...
7. prakawis = ...
8. panjuwun = ...
9. Kasaénan = ...
10. pikadjeng = ...

B. Lingga Anḍahan iku tembung sing keprijé ? Tegesna.

IV. **Bebasan lan Saloka.**

Tegesna

Luput :

1. Matang tuna numbak luput.
2. Angajuh-ngajuh luput.
3. Luput sembur.
4. Luput petjing.
5. Luput sandjata uwa.
6. Luput suwak.

V. **Karangan :**

Gawéa lajang kirim kang surasané mangsuli lajang ing ḍuwur mau.

Bab VIII.

Aturipun R. Sutowidjojo ḍùmateng R.M. Surjokusumo.

„Bandara, sarèhning sampun tetéla Ingkang Sinuwun njidrani djandji, boten tetep pangandikanipun, sumangga sami **ngraman** kémawon. Menggah **ukuming** ratu menawi sampun njidrani ing dasih, baḍé **gempal** dradjatipun. Panjawang kawula Pandjenengan dalem kados boten kénging **kasilep,** tentu saged dados sesekaring negari. Kawula **sanggem** dados **tumbal.** Begdja tjilaka kawula lampahi, pandjenengan dalem begdja, kawula tumut begdja, déné pandjenengan tjilaka, kawula boten kantun. Sampun ingkang sakit bendara botena kawula lilakaken badan kawula, bok inggih dumugia pedjah pisan baḍé boten kawula **unduri.**

(Serat kula pertama)
Babon saking Basa Djawi II.

I. **Matja bathin :**
   1. Tjrita ing ḍuwur iku watjanen bathin. Tembung² sing angèl tjaṭetana, jèn uwis njuwuna priksa karo gurumu.
   2. **Pitakonan.**
      1. Sing guneman iku sapa ?
      2. Keprijé aturé R. Sutowidjojo ?
      3. Apa sing digunem ?

IIa. **Maḍakaké tembung² :**

Tembung kang miring pengetjapé iku salinana nganggo tembung-tembung kang pada tegesé. Nanging adja pisan ngowahi surasané.

IIb. **Maḍakaké tembung lan negesaké tembung :**

Aranana sesebutané :

1. Ratu = sang prabu = ...
2. Njidrani djandji = ...
3. Laku tjidra = ...
4. Tjinidra ing maling aguna = ...
11. Njekar = ...
12. Sekaran = ...
13. Kembang lambé = ...
14. Kembang sepasang = ...

5. Kena ing tjidra — .....
6. Puspanjidra — .....
7. Kembang — .....
8. Sekaring negari — .....
9. Sekar kedaton — .....
10. Sekaring pasamuan —
15. Kembang setaman — .....
16. Kembang parang — .....
17. Kembang kapas — .....
18. Ngembang — .....

IIIa. **Paramasastra.**

1. Terangnā Apa ta Rimbag Bawa iku ?
2. Ribag Bawa iku kapérang dadi pira ?
   Tjoba aranana ! Jèn wis golèka tembung sing rimimbag ing bawa mau !
3. Rimbag Bawa nduwèni teges sing keprijé ?
   Golèka tuladané ! Upamané : Bawa Kapi = Kapi laré = sipaté kaja botjah (laré).
4. Tembung^2 kang olèh ater^2 a utawa ma diarani rimbag bawa apa ?
5. a. Ing tjetjritan duwur mau ana tembung sing muni. Begdja-tjilaka. Begdja tjilaka iku klebu tembung apa ?
   b. Golèka tuladа sing tegesé klebu wilangané tembung bawa ha.
   Upamané : gandes aluwes : lsp.

IV. **Bebasan lan saloka.**

Terangna tegesé paribasan lan saloka ingisor iki :

Begdja :

1. Begdja kamajangan.
2. Kabegdjan kabrajan.

Lampah tegesé laku.

1. Nambang laku.
2. Kapotangan laku.
3. Kebo lumaku dipasangi.
4. Tambang laku.
5. Sumur lumaku tinimba.
6. Tumper tjinawetan wédang lalaku.
7. Salaku Djantraku.
8. Majit lalaku.
9. Gong lumaku tinabuh.

V. **Karangan.**

Tjoba gawéa karangan wangsulané R.M. Surjakusuma menjang R. Sutawidjaja.
Upamané : „Sutawidjaja, sawisé aku ngrungokaké sakkabèhé aturmu, dakrasa[2] kaja bener aturmu. Mula, aku mung manut apa kang dadi sedijamu. Nanging, keprijé bakal dadiné déné kok ....." lsp.

KANTOR BIBLIOGRAFI NASIONAL
DJAKARTA
KEM. P.P. & K.

Bab IX.

Pangeran Adiwidjaja.

Katjarios pèngetipun ingkang rama Pangéran Adiwidjaja ḍateng ingkang putra Pangeran Adipati Mangkunegara **kados déné toja mili,** ananging putra meksa boten **kéguh, angalenger** boten ébah kados redi tinempuh ing **angin** ungkuran, temahan penggalihipun Pangéran Adiwidjaja ladjeng **pepet,** kados déné kadjedjelan ing séla sawungkul, wasana ladjeng nenggak waspa, ladjeng djumeneng njat tanpa ngendi ka medal ing ndjawi wangsul ḍateng ing **pabarisan.** Nalika samanten Kandjeng Pangéran Adipati Mangkunegara ngantu-antu kekinten amung medal sakeḍap. Sareng **katuwènan** sampun boten wonten, ladjeng utusan **djagalamatan** numpak kapal ngaturi wangsul ingkang rama : sareng sampun pinanggih, matur katah² supados kersa wangsul. Dawuhipun Pangeran Adiwidjaja „jèn kaja mangkono kerepé aku angur adja krungu: betjik tak ngadoh baé awit jèn tjeḍak mundak **kalèpètan** ala". Kandjeng Pangéran boten kersa wangsul.

(Babad Panambangan).
Basa Djawi II.

I. **Matja batin :**

1. Tjrita ing bab IX iku watjanen bathin. Tembung² sing angèl tjatetana jèn uwis suwuna priksa karo gurumu apa tegesé tembung² mau ?

2. Pitakonan :

1. Sapa sing dadi bakuning tjrita iku ?
2. Sapa sing maringi pèpènget ?
3. Panggalihé Pangéran Adiwidjaja pepet. Apa sebabé ?
4. Sapa sing bali menjang pabarisan ?
5. Kandjeng Pangéran Adipati Mangkunegara utusan karo sapa ?
6. Apa sebabé déné djagalamatan diutus ?
7. Keprijé ngandikané Pangéran Adiwidjaja karo utusan mau ?
8. Keprijé aturé djagalamatan ?

IIa. **Maḍakaké tembung².**

Tembung kang aksarané ḍojong ing bab IX iku salinana nganggo tembung sing paḍa.

IIb. **Negesaké tembung lan ngisèni titik² nganggo tembung sing maṭuk ing satengening garis.**

Djaga satru	1. Saben grija gaḍah .....
Djaga baja	2. ..... damelipun djagi kampung.
Djaga sura	3. Para abdi dalem ..... sami djagi kraton.
Djaga pura	4. Pradjurit ..... punika dipun sepuhi ing Pangéran Purbanegara.
Djaga westi	5. ....., padamelanipun sami kalijan pulisi.
Djaga Ndjagakaké	6. Sapa sing ..... anak Presidènan: 7. Kowé kudu ....., adimu arep teka.
Djaga-djaga	8. Duwit iki kanggo ..... aḍimu jèn teka.
Djaga Monjèt	9. Adja sok seneng ..... pitulunganing lijan. 10. Ing Djakarta ana kampung sing diarani .....

IIc. **Titik² iki isènana :**

1. Panggalihé pepet kaja déné .....
2. Bungahé kaja .....
3. Bungahé kaja katekan .....
4. Begdja kemajangan kaja .....
5. Aḍem atiné kaja .....
6. nDjenger kaja .....
7. Gelis geḍé kaja .....
8. Tandangné kaja .....
9. Suguhané kaja .....
10. ..... ngombak banju.

Hla. **Parama Sastra :**

1. Tembung bawa Ma iku asalé saka tembung apa ? Olèh seselan apa ?
2. Tjoba golèka tembung bawa ma.
3. Tegesé tembung bawa ma kuwi duwèni karep keprijé ?
4. Tjoba tjetjritan ing ḍuwur iki golèkana tembungé bawa Ma.

IV. **Babasan lan saloka.**

Terangna tegesé :

Banju :

1. Ora ana banju mili manḍuwur.
2. Edom samuruping banju.
3. Tjaruk banju.
4. Kaja banju karo lenga.
5. Banju pinerang.
6. Adunen paḍa banjuné.
7. Ambanju mili.
8. Tjurtjuran banju kendi.
9. Kaedus banju sasiwur.
10. Ngangsu banju ing krandjang.
11. Ngubak-ubak banju bening.

Ngarang :

Tjrita ing ḍuwur iku ngokokna lan gawénen paguneman. Upamané:

Katjarita Pangéran Adiwidjaja gegantjangan tindaké perlu arep manggihi Kandjeng Gusti Mangkunegara. Kandjeng Gusti Mangkunegara iku putrané Pangeran Adiwidjaja. Bareng wis kepanggih Pangéran Adiwidjaja ngandika : Pangandikané : „Tolé anggonku tekan ing kéné perlu ....." lsp.

Bab X.

Wiranta mèsem sarwi ngadjak linggih wonten pandapi, ladjeng wiwit mangsuli pitakènipun : „Anu, kangmas, pantjènipun **ragi** rikuh saupami kula ngaturna, djalaran **namung prakawis rèmèh.** Ananging **walèh-walèh** punapa, menggah **sajektosipun** sampun dangu anggèn kula **ngingetaken panjambutdamelipun** semut-semut sami **rerojongan** nggotong balung, teka rukun temen. Namung dipun **abeni** tindak sesarengan ingkang **salaras,** balung ageng saged kangkat lumebet ing lèng, ingkang minangka papan panandoning tetedan".

Mireng wangsulan ingkang makaten punika, Darsana rumaos **katindih** ing bab pemanahanipun. Osiking batos teka dèrèng padja-padja saged **ndungkap** lan wiranta.

(Wirjawarsita, Ichtiar Marganing Kasembadan).

I. **Matja bathin :**

1. Tjrita ing Bab X iku watjanen bathin.
   Tembung² sing angèl tjatetana. Sawisé iku suwuna priksa karo gurumu.
   Apa tegesé tembung² kang kok tjatet mau.

Pitakonan.

1. Sapa sing guneman ing tjetjritan ing duwur iku ?
2. Apa sing pada dirembug ?
3. Darsana iku sapa ?
4. Keprijé batiné Darsana.
5. Keprijé pangrasamu tjetjritan ing duwur iku ?

II. **Madakaké tembung².**

Tembung² kang katjitak kandel ing Bab X iku salinana nganggo tembung² sing pada.

III. **Negesaké tembung² lan ngisèni titik-titik.**

ragi	Kula kok ..... kasupèn kalijan adi.
radi	Tapé iku matenge nganggo di .....
matur	Tjoba ..... karo bapak lé.
atur	Prijé ..... mantri iku karo lurahé ?

ngaturaké	Botjah sing dahwèn senengané.
aturan	..... karo guruné.
prakara	Bapak ..... ḍaharan.
prakaran	Sakabèhing bab kuwi nganggo .....
awas	Botjah iku kena .....
ngawasaké	Adja seneng .....
	Sing ..... lan waspada.
adu	Botjah iku ..... aku baé.
didu	Sapa ja sing senengané ..... djago ?
adon	Djangkriké adja kok .....
diadoni	Djagoné suta djago .....
padu	Wédangé .....
padudon	Adja sok seneng .....
tindih	Dukun iku senengé jèn diwènèhi .....
katindih	Darsana rumaos ..... rembagipun
nindihi	Adja ..... baé ta lé.

IV. Parama Sastra.

1. Tembung tanggap iku apa ?
2. Tjetjritan ing ḍuwur iku golèkna tembungé tanggap.
3. Tanggap wantah iku apa ?
4. Tanggap ikrija iku apa ?
5. Tanggap kékrija iku apa ?
6. Tanggap tarung iku apa ?
7. Tanggap Ka / Na iku apa ?
8. Goléka tembung^2 tanggap kesebut no. 3 teka no. 7 ngloro.

V. Bebasan lan saloka.

A. Wong kang mbawur prakaraning lijan, utawa prakarané ḍéwé iku kena diparibasakaké keprijé ?

B. **Balung :**

1. Asu arebut balung.
2. Ambalung usus.
3. Madu balung tanpa isi.
4. Getih tjinélung banju tjinandi.
5. Balung peking.
6. Ngumpulaké balung pisah.
7. Numtumaké balung pisah.
8. Balung tinumpuk.

VI. **Ngarang :**

Gawéa karangan lamunané Darsana sawisé nampa rembugé Wiranta, upamané.

„..... hem, sadjegé aku lagi iki menangi wong kang pinter samubarangé .....

KANTOR BIBLIOGRAFI NASIONAL
DJAKARTA
KEM. P.P. & K.

ISINE BUKU IKI:

Purwaka ..... hal. 3

Bab I ..... hal. 5

Bab II ..... hal. 7

Bab III ..... hal. 10

Bab IV ..... hal. 13

Bab V ..... hal. 16

Bab VI ..... hal. 18

Bab VII ..... hal. 20

Bab VIII ..... hal. 23

Bab IX ..... hal. 26

Bab X ..... hal. 29

KATERANGAN :

Miturut leerplan Kementerian Pendidikan Pengadjaran lan Kabudajan, piwulang basa daérah (Djawi) ngéngingi latihan basa sarta tata basa (parama sastra) dipun wulangaken saben kalih minggu 1 djam lan 3 djam.

Buku punika kadamel sadasa bab. Ing pangangkah sageda katamataken salebetipun tahun piwulang. Ngémuti wekdalipun ingkang tjupet sanget.

Pangripto.

PERPUSTAKAA
172